## SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2020 (ANNUAL)

**Model Set**

**Sl. Code - 105**

## BHOJPURI (SIL)

### द्वितीय भारतीय भाषा – भोजपुरी

**समयः 3 घंटे 15 मिनट** — **पूर्णांक–100**

**Time : 3 Hrs. 15 Minutes** — **Full Marks : 100**

**कुल प्रश्नों की संख्या : 66**

**Total No. of Questions : 66**

*परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–*

***Instructions for the candidates :-***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. इस प्रश्न पत्र को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
4. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में विभक्त है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
5. खण्ड–अ में 60 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं। इनमें से किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक का उत्तर देने पर प्रथम 50 का ही मूल्यांकन किया जाएगा। प्रत्येक के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–उत्तर पत्रक में दिये गये सही वृत्त को काले/नीले बॉल पेन से भरकर करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का

उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना वर्जित है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य कर दिया जाएगा।

6. खण्ड–ब में कुल 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

7. किसी भी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्रों का प्रयोग वर्जित है।

## <u>खण्ड–अ (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)</u>

प्रश्न संख्या 1 से 60 तक के प्रत्येक प्रश्न के साथ चार विकल्प दिए गए हैं, जिनमें से एक सही हैं। इनमें से किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर दें। अपने द्वारा सही विकल्प चुनें और OMR–शीट पर चिह्नित करें।

***नीचे दिहल वस्तुनिष्ठ प्रश्नन में से सही उत्तर चुन के लिखीं –*** **50x1=50**

1. 'सुन सुन रे कहल मोर' ई कविता के कवि के ह?

   (A) संत शिवनारायण (B) लछमी सखी

   (C) धरनीदास (D) सत्येन्द्र सुमन

2. संत शिवनारायण अपना पद में 'सांझ समै' कहके आदमी के जिनगी के कवना अंश की ओर इशारा करत बाड़े?

   (A) बालापन (B) जवानी

   (C) बुढ़ापा (D) कवनो ना

3. संत शिवनारायण जी कवन विधा के रचनाकार रहीं?

   (A) कविता (B) कहानी

   (C) नाटक (D) सब

4. मॉरीशस के पहिला राष्ट्रपति के रहले?

(A) रऊफ बुनधुन (B) वीरासामी रिन्गादू

(C) मोनिक ओहसन (D) केहू ना

5. 'सगरे जहान भोजपुरिया' के विधा ह–

(A) कविता (B) कहानी

(C) निबंध (D) एकांकी

6. मॉरीशस में सबसे बेसी कवना चीज के खेती कइल जाला?

(A) ऊख (गन्ना) (B) धान

(C) गेहूँ (D) एह में से कवनो ना

7. 'बाएन' कवना विधा के रचना ह –

(A) कविता (B) कहानी

(C) नाटक (D) जीवनी

8. औरत लोग डोमकच कब खेलेला ?

(A) बरात जाये के दिन (B) बरात लौट के आवे के दिन

(C) तिलक के दिन (D) कवनो में ना

9. 'साधो भाई' कवन विधा के रचना ह?

(A) कविता (B) कहानी

(C) नाटक (D) निबंध

10. संत पलटूदास कइसन कवि रहीं ?

(A) संत कवि (B) वीररस कवि

(C) प्रकृति कवि (D) तीनू

11. दूबर अपना लड़िका के नाम का रखले रहन ?

(A) राम (B) कृष्ण

(C) भीम (D) राकेश

12. विशुद्धानंद का लिखले बानीं ?

(A) कविता (B) जीवनी

(C) कहानी (D) एकांकी

13. 'फतेहशाही' कविता में कवि 'प्रथम क्रान्तिकारी वीर' केकरा के कहले बानीं ?

(A) वीर कुँवर सिंह (B) महाराणा प्रताप

(C) फतेह बहादुर शाही (D) मंगल पाण्डेय

14. फतेहशाही कहँवा के राजा रहले ?

(A) हुस्सेपुर (B) बंकजोगनी

(C) काशी (D)तमकुड़ी

15. हुस्सेपुर गढ़ के अंग्रेज लोग केकरा से छिनलन?

(A) फतेह बहादुर शाही से (B) मीर जमाल से

(C) गोविन्द राम से (D) एह में से केहू से ना

16. डॉ0 भीमराव अम्बेडकर जी के मृत्यु कवना साल भइल रहे ?

(A) 1956 (B) 1990

(C) 2015 (D) 2019

17. भीमराव अंबेडकर के पिता जी के नाम का रहे ?

(A) विश्वनाथ राव (B) रामजीव राव मालोपी

(C) रमेश राव (D) कवनो ना

18. भारतीय संविधान के जनक केकरा के कहल जाला ?

(A) भीम राव अंबेडकर के (B) गाँधी जी के

(C) सरदार बल्लभ भाई पटेल के (D) सब के

19. भीमराव अंबेडकर के माता जी के नाम का रहे?

(A) श्रीमती भीमा बाई (B) श्रीमती शान्ति सिंह

(C) पूनम देवी (D) एह में से कवनो ना

20. 'कजरी' कब गावल जाला ?

(A) बरसात में (B) गर्मी में

(C). जाड़ा में (D) कवनो में ना

21. 'मत्तन के कहानी' में जमींदार के रहे?

(A) मत्तन (B) चाक्को

(C) शिवशंकर (D) त्रेसा

22. मत्तन कवन काम करत रहन ?

(A) मजदूरी (B) सरकारी नौकरी

(C) व्यापार (D) कृषि

23. 'ऊहो बरखा आई' कवना विधा के रचना ह ?

(A) कहानी (B) कविता

(C) नाटक (D) निबंध

24. वर्षा ऋतु में सबसे अधिक खुशी केकरा होला?

(A) व्यवसायी वर्ग के (B) किसान के

(C) विद्यार्थी के (D) एह में से कवनो ना

25. जगलाल चौधरी जी कवन पार्टी के सदस्य रहीं ?

(A) कांग्रेस (B) भाजपा

(C) जनता दल (D) अपना दल

26. जगलाल चौधरी जी अंतिम में कवना सदन के सदस्य बनल रहीं?

(A) लोकसभा (B) विधान सभा

(C) विधान परिषद् (D) कवनो के ना

27. 'वारिसशाह से' कविता में कवन प्रसिद्ध प्रेमगाथा के नाम आइल बा?

(A) लैला–मजनू (B) शिरी–फरहद

(C) हीर–राँझा (D) सोहनी–महिवाल

28. 'बेयालिस के साथी' कवना विधा के रचना ह?

(A) कहानी (B) नाटक

(C) उपन्यास (D) कविता

29. हिन्दी फिल्मन के प्रसिद्ध चरित्र नायक नाजीर हुसैन कवना भोजपुरी फिल्म में काम कइले रहीं ?

(A) गंगा मइया तोहे पियरी चढ़इबो (B) सुहाग बिंदिया

(C) निरहुआ रिक्सावाला (D) एह में से कवनो ना

30. भोजपुरी फिल्मन के दूसरकी दौर में कवन फिल्म ना बनल रहे ?

(A) दंगल (B) गंगा मइया तोहे पियरी चढ़इबो

(C) बिहारी बाबू (D) सुहाग बिंदिया

31. 'तू हव श्रम के सुरुजवा हो' ई पंक्ति कवन कविता के ह?

(A) नेहके पाती (B) समय के पहिया

(C) कौशिकायन (D) आग पर तप रहल जिन्दगी

32. 'नेह के पाती' कवना किताब में संकलित बा ?

(A) श्रम के सूरज
(B) गोरख पाण्डेय के भोजपुरी गीत
(C) राम–लछुमन
(D) पुरुषोत्तम

33. कबड्डी खेल के बीच में कतना समय के विश्राम दिहल जाला ?

(A) पाँच मिनट
(B) दस मिनट
(C) बीस मिनट
(D) तीस मिनट

34. वयस्क खेलाड़ियन खातिर कबड्डी के मैदान के लंबाई–चौड़ाई का होला ?

(A) 13 X 10 मीटर
(B) 11 X 8 मीटर
(C) 10 X 10 मीटर
(D) 10 X 15 मीटर

35. कबड्डी खेल–नियंत्रण करे खातिर कव गो अंपायर रहेलन ?

(A) दूगो
(B) तीन गो
(C) चार गो
(D) पाँच गो

36. 'आग पर तप रहल जिन्दगी' में कवि केकरा के कुलवधु कहले बानी?

(A) द्रौपदी
(B) उर्वशी
(C) मेनका
(D) एह में से कवनो ना

37. रमेश चन्द्र झा जी चंपारण के साहित्य पर कव गो किताब लिखले बानी?

(A) एक
(B) दू
(C) तीन
(D) एह में से कवनो ना

38. फिल्म में संगीत देवे वाला के का कहल जाला?

(A) गीतकार
(B) संगीतकार
(C) अभिनेता
(D) खलनायक

39. फिल्म में डायलॉग (संवाद) लिखे वाला के का कहल जाला?

(A) संवाद–कार (B) गीतकार

(C) संगीतकार (D) निर्माता

40. 'पटकथा' के अर्थ का होई?

(A) सत्यनारायण भगवान के कथा (B) पर्दा खातिर कथा

(C) दूनों (D) कवनो ना

41. भाववाचक संज्ञा ह –

(A) कमजोरी (B) चावल

(C) झुंड (D) गंगा

42. 'दिनेसर' कवन संज्ञा ह ?

(A) जाति वाचक (B) व्यक्ति वाचक

(C) द्रव्य वाचक (D) समूह वाचक

43. 'सीता सुन्दर बाड़ी' में 'सुन्दर' का ह ?

(A) संज्ञा (B) सर्वनाम

(C) विशेषण (D) काल

44. 'एक किलो सेव' में कवन विशेषण ह ?

(A) परिमाण वाचक (B) गुणवाचक

(C) सार्वनामिक (D) एह में से कवनो ना

45. एह में से पुल्लिंग चुनीं ?

(A) घी (B) घास

(C) शाम (D) रोटी

46. एह में से स्त्रीलिंग चुनीं ?

(A) भात (B) दही

(C) रात (D) दिन

47. 'ई केकर ह?' में 'केकर' का ह ?

(A) प्रश्नवाचक सर्वनाम (B) निजवाचक सर्वनाम

(C) पुरुषवाचक सर्वनाम (D) संबंधवाचक सर्वनाम

48. 'आपन' के उल्टा होला –

(A) दोसर (पराया) (B) सबलोग

(C) दूनों (D) एह में से कवनो ना

49. 'छोट' के उल्टा होला –

(A) सबसे छोट (B) बीचवाला

(C) बड़ (D) सब

50. 'आग उगिलल' के अर्थ होई –

(A) कठोर बात बोलल (B) नरम बात बोलल

(C) आग फेंकल (D) एह में से कवनो ना

51. 'आपन हाथ जगरनाथ' लोकोक्ति के अर्थ का होई ?

(A) अपने पर भरोसा कइल (B) भरोसा ना कइल

(C) दोसरा पर भरोसा (D) एह में से कवनो ना

52. 'मुहावरा' कवना भाषा के शब्द ह ?

(A) पंजाबी (B) भोजपुरी

(C) अरबी (D) मगही

53. लिंग कव तरह के होला ?

(A) एक तरह (B) दू तरह

(C) अनेक तरह (D) एह में के सब

54. विशेषण के कव गो भेद होला ?

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

55. 'सीव नारायण शब्द विचारी अनंत सखिन संग रचु धमारी' के कवि के ह?

(A) संत शिवनारायण (B) रमेश चन्द्र झा

(C) जगलाल चौधरी (D) संत पलटू दास

56. 'कवना देश में भोजपुरिया लोगन के सरकार बिया?

(A) मॉरीशस (B) चीन

(C) नेपाल (D) श्रीलंका

57. फोटो खींचेवाला व्यक्ति के का कहल जाला ?

(A) कैमरा मैन (फोटोग्राफर) (B) लाइट्मैन

(C) निदेशक (D) निर्माता

58. 'माई–बाप' कवन समास ह ?

(A) द्वंद्व (B) बहुब्रीहि

(C) द्विगु (D) तीनों

59. 'लंबोदर' कवन समास ह ?

(A) तत्पुरुष (B) बहुब्रीहि

(C) द्वन्द्व (D) द्विगु

60. 'मेला' कवन संज्ञा ह ?

(A) जातिवाचक (B) व्यक्तिवाचक

(C) समूहवाचक (D) द्रववाचक

## खण्ड – ब

## विषयनिष्ठ प्रश्न

1. कवनो एक विषय पर निबंध लिखीं – 1x10=10

क. क्रिकेट मैच ख. वसंत ऋतु ग. दशहरा

घ. बल्लभ भाई पटेल ङ. परोपकार

2. कवनो एक प्रश्न के उत्तर लिखीं – 1x5=5

क. आपन बाबूजी लगे पुस्तक खरीदे खातिर पइसा के माँग करीत एगो पतरी लिखीं।

ख. पटकथा कवना–कवना माध्यम खातिर लिखल जाला?

3. नीचे दिहल प्रश्नन में से कवनों एगो के उत्तर लिखीं – 1x10=10

(i) निम्नलिखित गद्यांश के पढ़ि के नीचे लिखल प्रश्नन के उत्तर लिखीं। प्रत्येक प्रश्न खातिर 2 अंक निर्धारित बा –

वनवास के समय पाण्डव लोग काम्यक वन में एगो आश्रम में पुरोहित धौम्य के संगे रहत रहे। एक दिन धौम्य के आज्ञा से पाण्डव लोग ब्राह्मण लोग खातिर अन्न जुटावे आश्रम से वन में चलि गइल रहले। ओही बीचे सिंधु देश के राजा जयद्रथ द्रौपदी के जबरदस्ती उठा के रथ में ले ले जात रहे तबले पाण्डव जंगल से अपना आश्रम में लौटत

रहे लोग। द्रौपदी के दासी धात्रेयिका रोवते पूरा हाल बतलवलस। पाण्डव लोग ललकार के जयद्रथ के पकड़ल आ ओकर सेना के दुर्गति क के द्रौपदी के मुक्त कइल।

क. वनवास के समय पाण्डव लोग कवना वन में रहत रहे?

ख. ब्राह्मण लोग खातिर अन्न जुटावे के गइल रहे?

ग. जयद्रथ कवना देश के राजा रहलन ?

घ. पाण्डव लोग केकरा के ललकरले रहे?

ङ. जयद्रथ आ ओकर सेना के दुर्गति के कइल ?

(ii) निम्नलिखित गद्यांश के पढ़ि के नीचे लिखल प्रश्नन के उत्तर लिखीं। प्रत्येक प्रश्न के उत्तर खातिर 2 अंक निर्धारित बा –

कलियुग के आयु चार लाख बतीस हजार वर्ष मानल गइल बा। एह युग के महिमा के बारे में शुकदेव जी राजा परीक्षित से कहले बाड़े– श्रीकृष्ण के परधाम चलि गइला के बाद कलियुग के प्रभाव प्रतीत होखे लागी। जइसे–जइसे कलियुग आगे बढ़ी, धर्म, सत्य, पवित्रता, क्षमा, दया, आयु आ स्मरण शक्ति के लोप होखे लागी आ धन के असर बढ़े लागी। धन से मनुष्य के गुण, आचरण आ जन्म के श्रेष्ठता मानल जाई। ढ़ेर बोले वाला चतुर कहाई आ उहे पंडित कहाई। अत्याचार बढ़ी आ प्रजा में त्राहि–त्राहि मची। वैदिक धर्म के जगह पाखण्ड ले ली।

क. कलियुग के आयु केतना मानल गइल बा?

ख. एह युग के महिमा के बारे में के बतइले बा?

ग. एह युग में का का के लोप होखे लागी?

घ. एह युग में के चतुर आ पंडित कहाई ?

ङ. कलियुग में केकर जगह पाखण्ड ले ली?

4. नीचे दिहल प्रश्नन में से कवनो एगो के उत्तर लिखीं – 1x10=10

(i) निम्नलिखित गद्यांश के पढ़ि के नीचे लिखल प्रश्नन के उत्तर लिखीं। प्रत्येक प्रश्न के उत्तर खातिर 2 अंक निर्धारित बा –

चईता भोजपुरी संस्कृति के एगो बहुते मसहुर लोक गान ह। ई भी कहल जा सकेला कि भोजपुरी के बारहमासा गीतन में चईता बड़ा ही पवित्र अवरू मधुर गाना होला। ई गाना बसंत के मधुरता आ चइत के मस्ती में सनाइल रहेला आ एकता के रस एकरा से टपकत रहेला। जब आम मोजरा के टीकोरा धरे लागेला, महुआ कोचिआए लागेले, बूँट, मटर, मसूरी आ गेहूँ के कटनी शुरू हो जाले आ संगे–संगे अनाज के दँवरी शुरू हो जाले, तब एकर शुरूआत फगुआ के समाप्ति के साथे–साथे हो जाला अर्थात् फगुआ के समापन होली के दिन हो जाला आ ओहि स्थान से चईता के शुरूआत हो जाला। कहे के मतलब ई बा कि भर बसंत ऋतु में फगुआ गावत–गावत जब लोग थाकि जाले, त मन फेरवट आ सुसताएँ के क्रम में चईता के शुरुआत चढ़ते चईत महीना में हो जाला आ 'ए रामा .........' के गीत गाँवे–गाँवे आ टोले–टोले गुंजे लागेला आ गम–गमात वातावरण बड़ा ही रंगीन, मनमोहक आ मनोरंजक हो जाला, जवना से शब्द मनमोहक आ मनोरंजक हो जाला, जवना के शब्द में वर्णन कइल बड़ा ही कठिन बा।

क. चईता का होखेला ?

ख.	फगुआ के समाप्त भइला प कवन गीत शुरू होला?

ग.	चईता के संबंध में लिखीं।

घ.	एह समय के वातावरण कइसन रहेला ?

ङ.	चईता का में सनाइल रहेला ?

(ii) निम्नलिखित गद्यांश के पढ़ि के नीचे पूछल प्रश्नन के उत्तर लिखीं। प्रत्येक प्रश्नोत्तर खातिर 2 अंक निर्धारित बा –

आज जल संकट सुरसा जइसन मुँह बा के खाड़ बा। हमनी के जानतानी जा कि जल ही जीवन ह। बाकि केहू जल के सही उपयोग नइखे करत। ई जानते कि आगे चल के जल ना मिली। भौगोलिक दृष्टि से देखल जाय त एह धरती पर तीन हिस्सा जल बा। बाकि सब पानी हमनी के उपयोग लायक नइखे, कुछ जल हमनी के उपयोग लायक बा। एह पर विचार करे के बा कि जल संचय कइसे होई। पहिला बात कि हमनी के पानी खरच में कमी करे के पड़ी, दूसरा कि पेड़–पौधा लगावे के पड़ी, तीसरा कि हमनी के बरसात के पानी के संचय करे के पड़ी।

क.	आज जल संकट हमनी के सामने कइसे खाड़ बा?

ख.	जीवन जीये खातिर का जरूरी बा?

ग.	हमनी के जल के उपयोग कइसे करतानी जा?

घ.	एह धरती प कव हिस्सा जल बा?

ङ.	जल–संचय के उपाय का ह ?

5. कवनो पाँच प्रश्नन के उत्तर दीहीं – 5x2=10

क. संत शिवनारायण जी के बारे में तीन पंक्ति लिखीं।

ख. तीन गो विदेश के नाम लिखीं जहवाँ भोजपुरी बोलल जाला?

ग. सुगिया काहे रोअत रहे?

घ. कर्ज लेवेवाला काहे परेशान रहेला ?

ङ. मीर जमाल के वध काहे करे के पड़ल ?

च. त्रेसा काहे खाना ना खात रहे ?

छ. जगलाल चौधरी कवना बात पर मंत्री पद से त्याग पत्र दिहलीं ?

ज. डोमकच कवना बेरा खेलल जाला ?

झ. भोजपुरी के लोकप्रियता बताईं ।

ञ. कबड्डी कइसे खेलल जाला ?

6. कवनो एक प्रश्न के उत्तर दीहीं – 1x5=5

क. 'सगरे जहान भोजपुरिया' के आधार पर विदेश में भोजपुरिया लोगन के स्थिति का बा?

ख. पाठ्य पुस्तक से पढ़ल कवनो कविता के भाव लिखीं ?

ग. कवनो कहानी के समीक्षा करीं।